

Pamrayogi Cak - Cakanipun Basa Jawi

Ing Pawiyatan Saha Bebrayan Ing Wekdal Sapunika

J.F.X.Hoery

Cecala.

Ingkang kula aturaken punika, dhapur punapa ingkang kula tingali, ingkang kula sumerepi, lan ingkang kula alami kawontenan saben dintenipun tumrap panganggenipun basa Jawi salebetipun alam globalisasi sakpunika. Pramila ing kalodhangan saslebetipun Kongres Basa Jawi ingkang sakpunika sampun lumampah kaping gangsal, mangga kita sami sesarengan, tukar pangertosan, tukar pengalaman, tukar pemikiran, kangge ngrampungaken satunggaling prekawis. inggih punika cak-cakanipun Basa Jawi, ing tengahing pawiyatan saha bebrayan ing wekdal samangke..

Bilih sesanggeman makaten punika, inggih sasanggeman kita sedaya, mboten saget karampungken dening para dwija, para pengembating praja, para pengarang, bebrayan dhumawahing paguyuban-paguyuban. Kula percados, ingkang badhe kula aturaken punika taksih kathah kekiranganipun, taksih katah klentunipun, kathah ingkang anduwa, kepoara malah nulak, menapa ingkang kula aturaken ing ngandhap punika.

Pangiring.

Kados ingkang kula aturaken ing ngajeng, bilih atur kula punika taksih kathah kekiranganipun, jer punapa ingkang kula guleti langkung kathah ing babagan sastra Jawi ingkang nglairaken karya sastra Jawi.dados ing babagan basa, tamtu kemawon lajeng katingal kepara cupet, cingkrang. Awit saking kekirangan seserepan kula, ndadosaken klenta klentuning pangrakitipun tembung, ukara, basa, dalasan waguning atur ing ngarsa panjenengan, mugi wonten lumunture pangaksami.

Mekaripun budaya ing pundi kemawon tansah ngalami pasang surut, owah gingsir, selaras kaliyan kawontenanipun (perkembangan) jaman. Owah gingsir mujudaken lumampahing gesang saking satunggalipun wekdal dhumateng wekdal candhakupun. Saking lair, lumampah ngrembaka ngantos nggayuh kuncara, salajengipun saya surem mandhap pamoripun. Saking mriki, badhe ndayani kalih werni lelampahan, saged ugi wangsul

ngrembaka malih, kosok wangsulipun saged ugi malah ical, salajengipun badhe muncul kanthi warni benten. Punika kawontenanipun donya, ingkang mboten langgeng, lan punika saged kawastanan kukum alam. Makaten ugi kawontenanipun Basa Jawi, ingkang suwaunipun saget ngrembaka kuncara lan saged dados basa nagari, nanging kening kukuming alam dados surem pamoripun kados ing dinten samangke. Punapa mangkenipun Basa Jawi saget kombul, kuncara kados duk ing nguni malih, punapa malah ical saha gantos wujud.

Senaosa jejering Basa Jawi pinayungan undang-undang dhasar 1945 kalebet UUD 1945 asil amanedemen, sayektosipun sami kemawon kadamel bonsai. Pramila bilih kepengin basa Jawi, sastra Jawi, saha budaya Jawi gumregah malih, mboten sanes inggih kantung kita sadaya kados pundi ngadhepi, Menika mbetahaken perjuangan, kekiyatan, kesadaran kanthi tumaruntun, saking generasi dhumateng generasi penerus candhakistanipun.

Prihatos.

Ningali dhumawahing Basa Jawi ing pawiyatan saha bebrayan wekdal punika pancen mrihatosaken sanget, lakung-langkung tumrap kawula mudha. Mbokbilih kita Jawi, sampun rekaos sakpunika ngraosaken ing pundi Basa Jawi ingkang tansah jinunjung adiluhung punika? Kamangka sayektosipun Basa Jawi punika basa ingkang sakalangkung jangkep. Mboten namung jangkep bab maknaning tembung (kosa kata) nanging inggih jangkep gegebenganipun.

Sopan santun, tatakrami, budi pekerti saha lampah budaya, sakalangkung pas menawi kawedharaken sarana basa Jawi. Inggih gegebengan punika sejatosipun ingkang winastanan adi luhung . Ningali cak-cakipun basa Jawi ing wekdal punika, sok sintena ingkang rumaos “tiyang Jawi” mesthi sami prihatos. Kamangka Basa Jawi punika ngenggeni urutan angka 11 sak jagad saking cacahipun ingkang ngginakaken (penutur). Salebeting negari piyambak cetha bilih manggen angka 1 saking 726 Basa Daerah ingkang taksih dipun ginakaken.

Satunggaling pangajeng-ajeng lestanmtunipun basa Jawi, bilih Dinas Pendidikan kanthi tumaruntun saged saha purun ngawontenaken Sarasehan/penataran Basa, Sastra dalasan Budaya Jawi . Amargi inggih wonten pawiyatan punika papan dhedheran Basa Jawi, lan para Dwija Basa Jawi wiwit TK ngantos dumugi pawiyatan luhur.,pinangka pangarsa tama

salebeting nggegegi (mempertahankan) ajining (nilai-nilai) Basa, Sastra sarta Budaya Jawi.

Kula wastani mliginipun para dwija, amargi pangarsanipun wucalan Basa Jawi inggih para dwija saking bidang studi Basa Jawi. Nanging wekdal samangke para dwija ingkang cundhuk kaliyan bidang studinipun nembe para dwija SMP sa tataranipun, senaos ngantos sakamngke dereng sdaya SMP angsal guru saking jurusan basa Jawi. Benten kaliyan ing pawiyatan SD, ingkang meh sadaya gurunipun guru kelas. Senaos wucalan Basa Jawi ing SD satunggal minggunipun namung 2 jam wucalan , nanging kathah ingkang mboten kanthi trep kaleksanakaken. Asring kadheseg wucalan sanes. Langkung-langkung wonten kelas VI, kathah para dwijanipun ingkang mboten netepi jam piwucalan basa Jawi. Amargi kangge nguyak ajining sekolahan tumrap asil UNAS, akhiripun wucalan Basa Jawi kasuwak kagantos wucalan ingkang kalebet kangge UNAS.

Kula prihatos nalika mireng lare-lare ing SD ingkang mboten basa dhateng gurunipun. “Pak ayo mulih, wis jam.” “Kowe wingi nyang endi Pak, kok liwat ngarep omahku?”

Cobi, kados pundi panjenengan sami, menawi mireng makaten punika. Murid langkung sangajengipun guru, mboten purun mendak, mboten purun matur nuwun sewu. Cilakanipun para guru ngadhepi putra-putri momonganipun kados makaten mboten ngleresaken utawi nyaruwe. Menawi wonten kedadosan kados makaten, lajeng sinten ingkang dipun lepataken? Lare-lare samenika sampun kathah ingkang mboten ngertos unggah ungguhing basa, saha sopan-santuning tumindak. Kados tuladha ing nginggil menika.

Salebeting unggah ungguh basa Jawi, ngandhut piwucal sikep, tingkah laku ingkang kasebat sopan santun, tata krami, budi pekerti. Pinangka masyarakat Jawi ingkang gesang salebeting bebrayan Jawi, inggih sampun samesthinipun bilih kita ngugemi tata krami Jawi. Awit bilih kita mboten ngugemi tata krami Jawi, lajeng kawastanan “ora Jawa” keladuking panginten “ora ngerti adat.” .Menawi kita angsal panyeda kados makaten, tentu rumaos runtik ing manah, lingsem.

Punapa malih guru-guru ingkang mucal Basa Jawi inggih mboten saking jurusan Basa Jawi. Menika mboten namung kedadosan ing SD, dalasan ing SMP inggih taksih kathah guru Basa Jawi ingkang sanes lulusan jurusan Basa Jawi. Taksih lumayan bilih guru-guru ingkang mucal Basa Jawi saking guru-guru bidang studi Basa Indonesia. Pramila inggih mboten aneh, amargi guru ingkang mucal mboten nguwasani Basa Jawi, ing satunggaling

perkawis utawi wucalan, amargi gurunipun mboten ngertos, kepeksa dipun wontenaken votting kangge netepaken ingkang leres lan lepat, kapendhet suwantenipun murid ingkang kathah. Malah wonten malih, satunggaling guru, nalika nyerat aksara Jawi klentu, pancen inggih sanes lulusan jurusan Basa Jawi kalawau, lajeng wonten murid ingkang ngertos lan ngleresaken. Kados pundi jawabanipun guru kalawau? : “Gurune iki aku apa kowe?” Makaten punika inggih natos kedadosan. Ing kalanganipun guru piyambak, taksih pinanggih anggenipun ngetrapaken basa sasar susur. Satunggaling guru mudha pamit dhateng Kepala Sekolahipun, : “Pak kula kepareng kondur rumiyin, dalem kula wonten tamu.”

Kenging punapa Basa Jawi saya surem?

Salebetipun 20 dasa taun, kita sampun ngawontenaken Kongres Basa Jawi kaping V. Nanging rekomendasi-rekomendasi ingkang kita usung, dereng katingal lumampah saha kaleksanan ingkang saged kita raosaken. Wonten pamanggih bilih rekomendasi kaping sepawan, kados namung mandheg dados cathetan.

Kenging punapa ta kok Basa Jawi sapunika sangsaya surem, dipun tilar pandhemenipun, langkung-langkung saking angkatan mudha. Kaum mudha, remaja, langkung remen ngginakaken basa gaul, basa Daerah mboten cetha, basa Indonesia mboten genah. Mangga sesarengan kita tiliti dhodhok selehe basa Basa Jawi asaya mundur, saya kasingkur saking bebrayan. Sawatawis pandakwa ingkang njalari basa Jawi saya kapinggiraken, ing antawisipun : :

a. Basa Jawi kaanggep tilaranipun feodal

Bab punika mboten perlu dipun selaki, pancen saperangan ageng ngrembakanipun basa sastra tuwin budaya Jawi menika saking salebeting kraton. Kapustakan-kapustakan wontenipun ing salebetipun kraton. Para pujangga inggih dados abdining ratu, ingkang makarya ing salebeting kraton.

Nanging punapa sadaya ingkang kaprabawan saking kraton punika awon. Mesthipun kita saget milah-milahaken, pundi ingkang perlu dipun lestantunaken, pundi ingkang kedah kita tindakaken, lan pundi ingkang kedah dipun singkiri. Jer, ing mriku sampun kapilah-pilahaken sarana unggah ungguhing basa. Punapa basa alus kados ingkang lumampah ing kraton punika awon? Mesthipun mboten saged dipun gebyah uyah, amargi sampun wonten empan papanipun piyambak-piyambak

b. .Basa Jawi Ketinggalan jaman.

Wonten pamanggih bilih Basa Jawi sapunika sampun katinggalan jaman, mboten saged nyalarasaken kemajuaning jaman, mboten dhemokratis. Basa Jawi mboten saged dipun trepaken ing babagan teknologi. Basa Jawi angel, saengga lare-lare sapunika mboten purun ngginakaken Basa Jawi ingkang kanthi samesthinipun.

Pamanggih makaten, saking pamanggih kula mboten klentu, bilih ingkang dipun suraos unggah ungguhing basa, kados ingkang lumampah kala rumiyin. Inggih punika ingkang ngecakaken kathahing unggah ungguh (undha usuk} kados ing ngandhap menika:

- Basa Ngoko (ngoko lugu, ngoko andhap antyabasa, lan ngoko andhap basa antya)
- Basa Krama (kramantara, wreda-krama, lan mudha-krama}
- Basa Madya (madya-ngoko, madyantara lan madya –krama)
- Basa Krama Inggil
- Basa Krama kedhaton (basa Bagongan)
- Basa Krama Desa
- Basa Kasar.

Wekdal sapunika, salaras kaliyan kemajenganing jaman, kawontenanipun basa inggih kenging pangaribawanipun globalisasi, kenging daya dinayan setunggal lan setungalipun, kula langkung condhong bilih ing pasrawungan namung lumampah Basa Ngoko, Basa Krama (dening JTV kasebat basa kulonan) saha Basa Krama Inggil. Tigang jinis punika sampun nyekapi sadaya kabetahan lumampahing sopan santun, tata krami ing pasrawungan ing pundi kemawon.

c. Kiranging kawigatosan saking tiyang sepuh.

Basa Dhaerah (Jawi) kawastanan basa Ibu,kalebet ingkang sampun katetepaken dening Unesco, tanggal 21 Februari pinangka dinten Basa Dhaerah utawi Basa Ibu. Nanging eman sanget, kawigatosanipun tiyang sepuh tumrap piwulang basa Jawi dhateng putra-putrinipun, sakmenika kraos dipun lirwaaken. Kados katur ing ngajeng, para putra menawi matur dhateng tiyang sepuh kanthi basa Ngoko, dipun kendelaken, mboten dipun arahaken ngangge basa krama. Mesthinipun, senaosa ngangge basa Ngoko, tiyang sepuh saget ngleresaken ngangge basa Ngoko ingkang alus, kanthi tetep ngginakaken unggah-ungguh.

Sakmenika ,sampun awis-awis mbokmenawi kepara malah sampun mboten wonten, tiyang sepuh ingkang nalika badhe nilemaken putra utawi wayahipun sinurung sarana rengeng-rengneng tembang Jawi. Mboten wonten, tiyang sepuh ingkang ndongeng kangge mbubukaken putra-putrinipun utawi wayahipun kanthi dongeng-dongeng rakyat ingkang kebak tepa tulada. Kula mboten nglepateken, jer punika awit kadheseg ajuning teknologi saha pan garibawanipun globalisasi (televisi, hp).

Lare-lare langkung ketarik kaliyan film-film kartun, Tom and Jerry, Miki Moust, Subasa, Donald bebek lan sanes-sanesipun ing tayangan televisi. Menika inggih mboten saged dipun lepataken. Pancen tontonan kangge lare-lare ing televisi ingkang mendhet saking crita-crita lokal (crita rakyat) prasasat mboten wonten. Tayangan pendidikan langkung-langkung saking televisi swasta sekedhik sanget. Kados kegiyatan Pramuka, PMR ingkang saget kangge ajang nanem budi pekerti, sopan santun, mboten wonten. Tayangan ing televisi langkung nengenaken segi tontonanipun katimbang tuntunanipun. Tontonan kemawon mboten kok tontonan ingkang sae. Cobi dipun pirsani sinetron remaja, (SMP/SMA) isinipun pacaran, tukaran, kongkiren, peranan guru mboten dipun ketingalaken wontenipun sebatan digugu lan ditiru. Padatanipun inggih tontonan ingkang kirang prayogi menika ingkang langkung narik kawigatosanipun lare-lare, lajeng dipun tiru.

Malah tiyang sepuh sapunika inggih sampun awis-awis ingkang maringi nami putra-putrinipun kanthi nami ingkang Njawani. Lare-lare saking padhusunan, sapunika naminipun jan ngedab-edabi. Bapakipun naminipun Pardi ibunipun Marmi, anakipun naminipun Leonardo Gustaf Fahroji , wonten malih Luciana Desibri Trianida.

Kanthi kanyatan makaten punika, kanton kita eklas punapa mboten bilih generasi Jawi kita kelangan basanipun, kelangan budayanipun. Kamangka negari-negari maju, negari super power kados Jepang, China, Taiwan, India sanget-sanget anggenipun mempertahankan Basa Daerahipun. Pramila, pamanggih kula, benteng pungkasan kangge nanemaken basa, sastra, budi pekerti saha budaya Jawi dhateng generasi mudha inggih para dwija basa Jawi.

d. Kasedhot Basa Indonesia.

Ing ngajeng kula mastani Basa Jawi kadosdene kadamel bonsai. Kados pundi anggenipun mboten dados bonsai, amargi nalika netepaken Basa

Indonesia pinangka Basa Nasional, Basa Jawi ingkang dipun ginakaken dening sepalih langkung penduduk Indonesia, kawon kaliyan Basa Melayu ingkang gunggung bebrayan ingkang ngginakaken taksih sangandhapipun Basa Sunda.

Awit Basa Melayu ingkang dados Basa Indonesia tembung-tembungipun mboten nyekapi, pramila tembung-tembung Basa Jawi kasedhot ing Basa Indonesia. Mboten baen-baen basa Jawi ingkang dados Basa Indonesia. Amargi Basa Indonesia mboten nggadhahi strata (unggah ungguh) pramila kangge nyekapi lajeng nyedhot basa Jawi.

Ing antawisipun basa Jawi ingkang mlebet dados Basa Indonesia kangge :

- Ngalusaken tembung Indonesia ingkang mboten gadhah tembung sanes.
- Kangge basa pakurmatan.
- Kangge mantepaken suraos ingkang kaucapaken.
- Kangge njarwaaken tembung manca, dhateng basa Indonesia
- Kangge ngirit tembung
(Angka 1 ngantos 5 kapirsanana lampiran)

Kajawi menika taksih kathah tembung Jawi ingkang sapunika dados basa Indonesia, amargi Basa Indonesianipun pancen mboten wonten. Tembung-tembung aran, kados nami ron-ronan, nami anak kewan, nami sekar lan sanes-sanesipun. Sadaya kausung wantah, saengga lare-lare kathah ingkang mboten ngertos bilih sadaya kalawau aslinipun Basa Jawi. Menika mujudaken kearifan (lembah manah) Basa Jawi, ugi tiyang Jawi.

Pambudidaya ngekaraken Basa Jawi.

Sejatosipun kita sampun nggadhahi payung hukum kangge nglestantunaken saha ngekaraken Basa Jawi punika. Payung hukum nasional, inggih punika pasal 36 UUD 1945 ugi tumrap Jawi Wetan, (sasampunipun Propinsi DIY lan Propinsi Jateng) Gubernur Jawa Timur sampun kepareng ngedalaken SK Gubernur No. 118/118/KPTS/013/2005 tanggal 11 Juli 2005, ngengingi KURIKULUM MATA PELAJARAN BAHASA JAWA UNTUK JENJANG PENDIDIKAN SD/SDLB/MI DAN SMP/SMPLB/MTs NEGERI DAN SWASTA PROPINSI JAWA TIMUR.

Inkang intinipun SK menika, bilih Basa Jawi wajib dipun wulangaken ing jenjang pendidikan dhasar negeri saha swasta wiwit taun ajaran 2005/2006 (Ing DIY saha Jawi Tengah malah dumugi SMA) Kanthi kasebataken wajib, ateges wucalan Basa Jawi ing pawiyatan SD saha SMP mboten dados

wucalan mulok malih, nanging sampun kedah kawucalaken sejajar kaliyan wucalan sanesipun.

Sampun 6 tatun SK kalawau kabiwaraaken, nanging dereng wonten wohipiun. Punapa malih uwoh, sekar kemawon mboten medal. Senaosa SK Gupernur ingkang jejeripun panguwaos wilayah propinsi, dereng kasambet dening Dinas Pendidikan Propinsi saha Dhaerah Kabupaten/Kota ingkang ngginakaken panguwaosipun kanthi pancatan Otonomi Dhaerah.. Wonten ing item 4 saking SK Gubernur kalawau nyebataken : Hal-hal yang belum diatur dalam Keputusan ini sepanjang menyangkut teknik operasionalnya akan ditetapkan lebih lanjut oleh Kepala Dinas dan Kebudayaan Propinsi Jawa Timur.

Lha menika, miturut pawartos ingkang kula tampi, ngantos sapriki dereng wonten juknis saha juklak pelaksanaan saking Dinas Dikbud Propinsi, saengga Dinas Pendidikan Kabupaten/Kota inggih dereng saget tumindak maksimal. Sawetawis Kabupaten/Kota nggegegi Otonomipun, mboten nggape SK saking Gubernur pinangka kepala Wilayah wau. Ing Undang-Undang Sisdiknas Nomor 20 pasal 37 ugi kasebaataken bilih basa Dhaerah (klebet basa Jawi) mujudaken basa Ibu peserta didik. Menika nyirataken bilih basa Dhaerah klebet dipun wucalaken ing sekolahan.

Panyurung nglestantunaken saha ngekaraken basa Jawi, mboten namung wontenipun payung hukum menika kemawon. Saking kalanganipun basa Indonesia, inggih terus njurung supados Basa Dhaerah dipun uri-uri, dipun lestantunaken saka dipun mekaraken. Menika kabukten wonten ing keputusan Kongres Bahasa Indonesia wiwit Kongres kaping II tanggal 1954 ngantos Kongres Bahasa Indonesia Kaping VIII ing Jakarta tansah nglebetaken pentingipun pelestarian saha pengembangan bahasa Dhaerah. Punapa malih ing kalanganipun para jamburing basa Jawi saha Pemda Propinsi DIY, Jateng saha Jatim, wiwit taun 1991 ngadani Kongres Basa Jawi saben 5 taun. Ing taun 2011 punika, Propinsi Jawi Wetan kapanggenan malih KBJ 5 ingkang ateges Propinsi Jawi Wetan sampun kaping kalih tinanggenah mangarsani KBJ.. Sinaosa Kongres sampun lumampah nyandhak kaping 5 saha katindakaken dening bebadan pamarentah, nanging asil keputusanipun pranyata dereng saged ngangkat cak-cakanipun Basa Jawi ing pawiyatan saha ing bebrayan..

Dudutan.

Kita sadaya ngakeni bilih wekdal samangke generasi mudha saya tebih kaliyan Basa , Sastra saha Budaya Jawi. Pramila kados pundi pratikel nyadharaken generasi mudha mliginipun siswa supados kapencut lan

akhiripun nresnani Basa Jawi. Kula gadhah pamanggih (nanging menika cengkah kaliyan pelaksanaan kurikulum Basa Jawi) supados para siswa kaweleg waosan basa Jawi. Seminggu wucalan Basa Jawi 2 jam wucalan, ateges sewulan 8 jam wucalan. Menika menawi satunggal jam utawi kalih jam wucalan, namung mligi kangge wucalan maos crita, duka wujud cerkak, crita rakyat, punapa sanesipun kanthi tumaruntun, kula kinten dangu-dangu badhe nukulaken raos remen. Bibar maos, supados kadhawuhan nyriyoaken kanthi lesan, utawi kangge PR ndamel ringkesan. Sanesipun punika ugi saget kasurung kanthi :

- Ndamel majalah dinding basa Jawi (Pengasuh MGMP Basa Jawi)
- Nambah perpustakaan kanti buku-buku Basa Jawi
- Saben sekolah langganan Majalah Basa Jawi (Dana BOS)
- Siswa dipun wajibaken ngginakaken Basa Jawi nalika wucalan basa Jawi.
- Dipun upayakaken nambah jam wucalan, saking 2 jam wucalan kanthi mboten ngirangi jam wucalan sanesipun.
- Kasurung supados tumut lomba ngarang Basa Jawi ingkang asring dipun wontenaken dening Majalah-Majalah Basa Jawi utawi lembaga sanesipun.
- Kasurung ngarang kajawi kangge majalah dinding ugi kakintun dhateng majalah-majalah Basa Jawi ingkang nyediyani rubrik Remaja/taman Putra. (JB-PS)
- Ing sekolahan-sekolahan iba regengipun ing kalane ngaso utawi jam - jam kosong, kasetel gending-gending Jawi, macapat, ringgit, geguritan utawi waosan basa Jawi.

Kagem para dwija.

- Kangge ningkataken profesionalisme mugiya Dinas Pendidikan kanthi ajeg ngawontenaken penataran/sarasehan basa, sastra saha budi pekerti (tatakrami) Jawi.
- Langkung prayogi, bilih para dwija kersa langganan salah satunggaling Majalah Basa Jawi. (sakpunika majalah basa Jawi kantun 3, inggih punika Panjebar Semangat, Jaya Baya kekalihipun ing Surabaya saha Jaka Lodhang ing Ngayogyakarta.

Panutuping atur.

Minanagka pungkasaning atur, kula ndherek memuji mugi-mugi andaran kula punika saged katampi, temahan lajeng mboten kagungan raos tidha-tidha malih anggenipun badhe nguri-uri, nglestantunaken saha ngekaraken basa Jawi ing pawiyatan miwah bebrayan agung. Awit sinten malih ingkang badhe ngluhuraken Basa Jawi menawi mboten tiyang Jawi piyambak (Senaosa ngantos sakpunika, pangaji-aji tumrap karya sastra Jawi saha pengabdian Basa Jawi, ingkang maringi Yayasan Rancage saking tanah Pasundan.) sampun ngantos kerumiyinan bangsa manca. Saengga kita kecalan lan ing mbenjangipun lajeng nglari Basa Jawi dhateng manca negari.

Semanten atur kula, bilih wonten ceweting panyerat, kirang patitis pangrakite basa miwah pangetrapping paramasastra, mugi panjenengan sadaya kersa ngluberaken agunging samodra pangaksama. Wasana mugi rahayu ingkang pinanggih, winantu ing suka basuki, kanthi asesanti : Jaya jaya wijayanti, ngrembaka basa, sastra saha budaya Jawi ing salami-lamiipun..

Nuwun.

Bojonegoro, 29 Agustus 2011

Sanggar Sastra

Pamarsudi Sastra Jawi Bojonegoro (PSJB)

Lampiran

1. Ngalusaken tembung basa Indonesia.

Basa Indonesia lami Basa Indonesia enggal Basa Jawi

Pakaian	Busana
Gadis	Prawan
Buah dada	Payudara
Laki-laki	Priya
Perempuan	Wanita
Pelayan rumah tangga	Pramuwisma
Bersetubuh	Senggama
Batas akhir pemakaian	Kadaluwarsa

2. Kangge basa pakurmatan

Basa Indonesia lami Basa Indonesia enggal Basa Jawi

Anak laki-laki	Putera
Anak perempuan	Puteri
Memberikan	Menghaturkan
Perlindungan	Pengayom
Berdukacita	Berbelasungkawa
Nama/tanda	Tetenger
Huruf	Aksara
Buta huruf	Buta aksara
Perlombaan	Sayembara
Terakhir	Paripurna
Tempat Peristirahatan	Pesanggrahan
Melantik	Mewisuda
Pintu gerbang	Gapura
Rumah	Wisma

3. Kangge mantepaken suraos ingkang kaucapaken Basa Indonesia Basa Indonesia enggal Basa Jawi

Kokoh	Kukuh
Berhenti	Mandheg
Lepas	Copot
Jera	Kapok
Menyerah	Pasrah
Disangka	Dinyana
Perhimpunan	Paguyuban
Lunak	Empuk
Baik	Indah
Kusut	Ruwet
Kacau	Kisruh, Rusuh
Campur tangan	Menimbrung
Rencana	Rancangan
Selagi/Senyampang	Mumpung
Musyawahar	Rembug
Jelas sekali	Gamblang
Besar	Raksasa
Kerja	karya

4. Kangge njarwaaken tembung manca.

Basa manca Basa Indonesia Basa Jawi

Work shop (Ing.)	Temu karya
Guest house (Ing)	Wisma tamu
Technologie (Bld)	Rancang bangun
Wij (Bld)	Bijaksana
Samenleven (Bld)	Kumpul kebo
Buste Houder (Bld)	BH/kutang
Upgrading (Ing)	Penataran
Overlapping (Bld)	Tumpang tindih
Vijand (Bld)	Musuh
Bultzak (Bld)	Kasur
Verschijning (Bld)	Pengejawantahan
Longen (Bld)	Paru-paru
Always (Ing)	Senantiasa

5. Kangge ngirid tembung

Basa Indonesia lami Basa Indonesia enggal Basa Jawi

Aman dan damai	Tentrem
Tidak lekas habis	Awet
Telapak kaki unggas	Cakar
Pindah tempat menghindari bahaya	Ngungsi
Duduk di lantai memakai alas/tikar	Lesehan
Selesai dengan sempurna	Tuntas
Bergerak ke belakang	Mundur
Gudang padi	Lumbung
Bahaya kelaparan	Paceklik
Gagal panen	Pusa
Tidak bergerak, tidak ada kemajuan	Mandheg klaras
Daun pisang yang kering Tenteram	

KAPUSTAKAN.

- ◆ Padmosukotjo,S – 1953, – Ngegrenan Kasusastran Djawa : Hien Hoo Sing
- ◆ Goenoprawiro,Susanto, R, 1980 – Pasumbanging Basa Jawi Dhumateng Bahasa . Indonesia, Javanologi
- ◆ Amir Mahmud, 2005 – Pembelajaran Bahasa Daerah Diangtara Kebangkutan Nilai
- ◆ Budaya Lokal dan Kemajuan Teknologi. Makalah Seperempat Abat Sanggar Sastra Triwida.
- ◆ Yatmana, Rama Sudi, 1985 – Pangudi Amrih Saya Murakabi Ing Kardi.: Makalah
- ◆ SarasehanBahasa Jawa Anantara Pengarang dan Guru Bahasa Jawa SMTP/SMTA.
- ◆ Wiryatmaja, Sutadi,Drs, 1982 – Perkembangan Bahasa dan Sastra Jawa Dalam RangkaMelestarikan Budaya Jawa – Makalah Sarasehan
- ◆ Bahasa Sastra Jawa Antara Pengarang dan Guru Bahasa
- ◆ Jawa SMTP/AMT di Ungaran.
- ◆ Kasiyun, Suharmono, 2005 – Pembinaan Bahasa dan Sastra Jawa Melalui Peguyuban : Makalah Seminar Pengembangan dan Pelestarian sastra Daerah Dalam Rangka Menuju KBJ IV Tahun 2006., di Tretes,Pasuruhan.
- ◆ Sudarto, 2001 - Potret Pengajaran Bahasa dan Sastra Jawa Dewasa Ini di l Sekolah Makalah KBJ III 2001 di Hotel Amarukmo, Yogyakarta.
- ◆ _____ Kamus pepak Basa Jawa –Badan Pekerja KBJ Yogyakarta.
- ◆ _____ SK Gubernur Jatim 188/188/KPTS/013/2005 , Tentang: Kurikulum Mata Pelajaran Bahasa Jawa Untuk Jenjang
- ◆ Pendidikan SD/SDLB/MI Dan SMP/SMPLB/MTs Negri dan
- ◆ Swasta di Prop. Jawa Timur.
- ◆ Prawiroatmojo,S , 1980 – Bausastra Jawa-Indonesia, CV Haji Masagung Jakarta
- ◆ Darmopamudjo, N,Sakdani – “Ngudhar Gagasan” Tentang Penerbitan Berbahasa Jawa- Makalah dalam Kongres Sastra Jawa I 2001 di TBS
- ◆ Hoery, JFX, 2006 - Kearifan Lokal Yang menyemangati Kelangsungan Hidup, Bahasa
- ◆ Sastra dan Budaya Jawa. – Makalah Kongres Bahasa Jawa IV (KBJ-IV) Tahun 2006

BIODATA

Nama lengkap : J.F.X.Hoery

Tempat/tgl. Lahir : Pacitan, 07 Agustus 1945

Pendidikan terakhir : STM Mesin

Pekerjaan : Wartawan

Alamat rumah : Jl, Diponegoro 59-B Padangan, Bojonegoro

Telp. : (*****), HP : (*****)

Pengalaman kerja :

- ❖ 1969-1980 Pengeboran Yodium, Pengeboran Minyak, Pengeboran Panas Bumi (Geothermal)
 - 1984-1990 Wartawan Harian Kedaulatan Rakyat.
 - 1990-2001 Wartawan Harian Bernas
 - 1999-2004 Anggota DPRD Bojonegoro.
- ❖ Penulis lepas berbagai media bahasa Jawa /Indonesia

Karya buku :

- ❖ Permaisuri yang Cerdik (1982) cerita anak-anak.
- ❖ Sosiawan-Sosiawan Kecil (1982) cerita anak-anak
- ❖ Pagelaran (2003) Kumpulan geguritan
- ❖ Banjire Wis Surut (2006) Kumpulan Crita Cekak
- ❖ Bojonegoro Ing Gurit (2006) Antologi Geguritan (bersama)
- ❖ Blangkon (2006) Antologi crita cekak (bersama)
- ❖ Lintang Abyor1983 Antologi geguritan (bersama)
- ❖ Antologi Cerkak dan Geguritan TBY(bersama)
- ❖ Sejarah Paroki St. Willibrordus Cepu (bersama).
- ❖ Sejarah Paroki “St,Pius X” Blora, Paroki “St,Paulus” Bojonegoro,
- ❖ Paroki “St,Petrus-Paulus” Rembang, dan Paroki.St. “Petrus” Tuban.
- ❖ Tunggak Jarak Mrajak (2010) Antologi Cerkak bersama.
- ❖ Wulu domba Pancal Panggung (2010) Babad Jipang Panolan.

Lain-lain :

- ❖ Tahun 2004 menerima hadiah Sastra “Rancage”
- ❖ Ketua sanggar Sastra PSJB.